

ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

Mèkredi, 21 janvye 2026 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pase egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen w lan p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt an karaktè enprimri sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati 1 an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon sou elèv la nan fèy repons ou. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande w yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon w lan .

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan **tout** pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonce pou w ekri repons pou Pati 1, 2 A ak 3 B.

Pati 1 an gen 28 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati 2 a gen de kesyon redaksyon-kout. Ekri repons ou yo pou kesyon sa yo nan ti liv redaksyon an, apati paj 3.

Pati 3 a baze sou plizyè dokiman:

Pati 3 A a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan ti liv egzamen sa a sou liy ki vini apre kesyon an.

Pati 3 B a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, apati paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

**PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL
POU W FÈ SA.**

Pati 1

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a

Enstriksyon (1–28): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2.

. . . Epi finalman, depi nou vin tounen nou vin tounen yon kò politik / gwoup sitwayen ki fòme yon gouvènman sivil pou dirije nou, san nou pa gen okenn moun ki gen gwo tit oswa ran espesyal pi wo pase lòt, ke nou elii kòm dirijan nan pòs gouvènman; se pou sajès nou ak devosyon nou parèt, pa sèlman lè nou chwazi moun ki renmen epi ki vle travay pou byen tout moun, men tou lè nou bay yo respè ak obeyisans lè yo fè travay yo dapre lalwa. . . .

Sous: John Robinson, Farewell Address to the Pilgrims, 5 out 1620 (adapte)

- | | |
|---|---|
| <p>1 Sou baz pasaj sa a, ki pwennvi otè a sou wòl gouvènman nan koloni Plymouth lan?</p> <p>(1) Yo ta dwe vote nan eleksyon pou dirijan ki diferan pou legliz ak dirijan eta yo.</p> <p>(2) Pèp la gen dwa pou rebele kont gouvènman an.</p> <p>(3) Pouvwa pou gouvènè a soti nan pèp la.</p> <p>(4) Yo dwe bay chèf yo otorite san limit pou dirije.</p> | <p>2 Ki dokiman ki pi byen reflète lide sou gouvènman John Robinson te ekspriye nan diskou sa a?</p> <p>(1) Mayflower Compact</p> <p>(2) Lwa Maryland sou Tolerans</p> <p>(3) Stamp Act</p> <p>(4) Townshend Acts</p> |
|---|---|

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 3 ak 4.

Centinel No. 5

Otòn 1787

. . . Men konvansyon an ajoute yon lòt pouvwa, ki pèmèt Kongrè a mete mak Konstitisyon an sou nenpòt lwa li vle pase; sa parèt nan paragraf sa a — “Pou fè tout lwa ki nesèsè ak apwopriye pou mete an aplikasyon tout lòt pouvwa ki mansyone pi wo yo, ansanm ak tout lòt pouvwa Konstitisyon sa a bay gouvènman Etazini an, oswa nenpòt depatman oswa ofisyèl ladan l.” Nenpòt lwa Kongrè a konsidere kòm nesèsè ak apwopriye pou mete an aplikasyon nenpòt pouvwa Konstitisyon an ba li, li ka vote l; epi, dapre paragraf sa a, Kongrè a ka kontwole oswa anile nenpòt lwa gouvènman chak Eta mete, si li pretann lwa sa yo deranje jan li ap egzekite pouvwa li yo. Menm si sa, lwa Kongrè a ap “fèt selon Konstitisyon an,” epi, kòm konsekans, li ap “vin lwa siprèm peyi a, e tout jij nan chak Eta ap oblije respekte li, kèlkeswa sa Konstitisyon oswa lwa Eta a ki kontredi sa.”

Sous: Samuel Bryan, 1787; Herbert J. Storing, ed., *The Complete Anti-Federalist* (*Anti Federalis Konplè a*), University of Chicago Press, 1981 (adapte)

3 Pasaj sa a te ekri pandan

- (1) deba sou Adopsyon Atik Konfederasyon yo
- (2) ratifikasyon Konstitisyon Etazini an
- (3) kriz anilasyon nan Virginia ak Kentucky
- (4) kontwovès sou Lagè of 1812 la

4 Ki deklarasyon otè pasaj sa a ap fè sou Konstitisyon Etazini yo te pwopoze a?

- (1) Nouvo Konstitisyon an te bay eta yo ase pouvwa pou evite diktati.
- (2) Atik ki fleksib la ta bay Kongrè a twòp pouvwa.
- (3) Se sistèm federalis la ki pi bon pou nasyon an.
- (4) Sistèm de pati a ta mennen nan rebelyon alavni.


Sèvi ak pasaj anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 5 ak 6.

. . . Sa pral soulaje tout Eta Mississippi ak pati alwès Alabama de prezans Endyen [Ameriken natif natal], epi sa ap pèmèt Eta sa yo devlope rapidman popilasyon, richès, ak pouvwa yo. Sa pral separe pou yo pa an kontak imedyà; libere yo anba pouvwa chak Eta; pèmèt yo chèche kontantman nan jan pa yo, selon enstitisyon pa yo ki senp; ralanti degradasyon ki ap diminye kantite yo; epi petèt, anba pwoteksyon Gouvènman an ak bon konsèy, ede yo lage abitud sovaj yo pou yo vin yon kominote enteresan, sivilize, epi kretyen. . . .

Sous: Prezidan Andrew Jackson, Message to Congress on Indian Removal
(Mesaj bay Kongrè a sou depòtasyon Endyen yo), 1830

- | | |
|--|---|
| <p>5 Ki deklarasyon ki pi byen dekri reklamasyon Prezidan Andrew Jackson te fè nan pasaj sa a?</p> <p>(1) Gouvènman Etazini dwe respekte trete yo te siyen ak Pèp Endyen yo nan tan lontan.</p> <p>(2) Kolon blan yo dwe fè plis efò pou yo viv nan bon jan relasyon ak Pèp Endyen yo.</p> <p>(3) Pèp Endyen yo te dakò pou yo entegre nan sosyete Ameriken an.</p> <p>(4) Deplasman Pèp Endyen yo ap ede ni yo menm ni kolon blan yo.</p> | <p>6 Ki youn nan rezilta mesaj Prezidan Jackson te bay Kongrè a?</p> <p>(1) Wout Lapenn</p> <p>(2) aneksyon Texas</p> <p>(3) Desizyon <i>Dred Scott</i></p> <p>(4) Mouvman Grange</p> |
|--|---|
-

Sèvi ak sètifika ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 7 ak 8.



Sous: Homestead Certificate for Daniel Freeman (Sètifika Tè pou Daniel Freeman), 1868 (adapte)

- | | |
|--|--|
| <p>7 Sètifika sa a sipòte yon angajman nasyonal anvan ki politik?</p> <ul style="list-style-type: none">(1) Doktrin Monroe(2) izolasyonis(3) Desten Klè(4) Detant | <p>8 Ki zòn nan Etazini ki te pi afekte pa pwogram ki dekri nan dokiman sa a?</p> <ul style="list-style-type: none">(1) Dezè Sidwès yo(2) Gwo Plenn yo(3) Vale Hudson nan(4) Pasifik Nòdwès |
|--|--|

Sèvi ak pasaj ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 ak 10.

...Nou panse separe ras yo pa fòs, jan sa fèt nan komès ki fèt andedan chak eta, pa retire dwa oswa privilè nèg yo, pa pran pwopriyete yo san jistis, epi li pa refize yo pwoteksyon egal devan lalwa, jan Katòzyèm Amannman Konstitisyon an mande. . .

Sous: *Plessy v. Ferguson*, 1896

- | | |
|--|---|
| <p>9 Ki ekspresyon ki plis asosye ak lide ki ekspri nan ekstrè sa a?</p> <ul style="list-style-type: none">(1) “separe men egal”(2) “danje klè ak imedya”(3) “tout moun fèt egalego”(4) “nesesè ak apwopriye” | <p>10 Kisa ki te efè desizyon Kou Siprèm nan nan <i>Plessy v. Ferguson</i>?</p> <ul style="list-style-type: none">(1) Yo te mete sou pye Freedmen’s Bureau.(2) Yo te fòme Underground Railroad la.(3) Pratik separasyon rasyal la te vin ranfòse.(4) Yo te amelyore dwa pou vote gras ak lwa ki rele kloz grann-papa yo. |
|--|---|

Sèvi ak foto ki pi ba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 11 ak 12.



Sous: Jacob Riis, *How the Other Half Lives* (Kijan Lòt Mwatye a ap Viv), 1890

- | | |
|--|---|
| <p>11 Objektif foto sa a se te pou</p> <ul style="list-style-type: none">(1) sansibilize popilasyon an sou kondisyon lavi nan lojman kolektif yo(2) sipòte imigrasyon san restriksyon(3) denonse kondisyon travay danjere nan faktori yo(4) ankouraje itilizasyon travay timoun | <p>12 Moun ki te enfliyanse pa travay Jacob Riis ta pi souvan dakò ke</p> <ul style="list-style-type: none">(1) yo ta dwe elimine taks sou revni federal(2) yo ta dwe ankouraje pratik biznis kote yon gwoup moun gen monopòl la(3) yo ta dwe entèdi sendika travay(4) gouvènman an ta dwe okipe refòm sosyal ak ekonomik yo |
|--|---|

Sèvi ak foto ki pi ba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 13 ak 14.

USS *Maine*, foto ki te pran ant 1895-98



Sous: J.S. Johnston (adapte)

Ekip plonje Marin Etazini ap travay sou
rès bato USS *Maine* an 1898



Sous: U.S. Naval History and Heritage Command
(Kijan Lòt Mwatye a ap Viv), 1898 (adapte)

- 13 Foto tankou sa yo te souvan pibliye pou
- (1) ogmante lavant jounal
 - (2) dekouraje jounalis investigasyon yo
 - (3) sipòte restriksyon sou libète laprès
 - (4) fè presyon sou repòtè yo pou yo revele sous yo

- 14 Ki youn nan rezilta destriksyon USS *Maine* nan te genyen?

- (1) Ofisyèl Panyòl ki te responsab destriksyon an, yo te mennen yo devan tribinal.
- (2) Peyi Espay te ranfòse kontwòl li sou Kiba.
- (3) Sipò piblik pou yon deklarasyon lagè kont Espay te ogmante.
- (4) Espay pa t peye pou rebati bato a ni dedomaje viktim yo.

Sèvi ak pasaj yo ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 15 ak 16.

. . . Gwo konpayi yo, yo rele yo trust souvan, menm si yo òganize nan yon sèl Eta, yo toujou fè biznis nan plizyè lòt Eta. Souvan, yo pa fè anpil biznis nan Eta kote yo te anrejistre a. Pa gen okenn inifòmite nan lwa chak Eta sou konpayi sa yo; epi, paske pa gen okenn Eta ki gen tout kontwòl oswa enterè espesyal sou sa yo fè, li vin difisil pou mete regleman ki ase solid lè se chak Eta ki aji poukont li. Se poutèt sa, pou byen tout pèp la, Nasyon an ta dwe pran pouvwa pou kontwole epi mete regleman sou tout konpayi ki fè biznis ant plizyè Eta san l pa deranje otorite chak Eta sou kesyon sa yo. Sa a se vrè sitou lè yon kòporasyon jwenn yon pati nan richès li nan egzistans yon eleman oswa yon tandans monopolistik nan biznis li. Pa ta gen okenn difikilte nan sipèvizyon sa a; bank yo deja sou kontwòl konsa. . . .

Sous: Prezidan Theodore Roosevelt, First Annual Message to Congress
(Premye Mesaj Anyèl bay Kongrè a), 1901

15 Ki dispozisyon nan Konstitisyon an ki sipòte opinyon Prezidan Theodore Roosevelt sou gwo konpayi yo?

- (1) pouvwa rezève pou eta yo
- (2) veto prezidansyèl
- (3) dwa pwopriyete
- (4) pouvwa Kongrè pou regle komès ant eta yo

16 Ki politik ekonomik Etazini mesaj Prezidan Roosevelt la te konteste?

- (1) mèkantil
- (2) laissez-faire
- (3) pwoteksyonis
- (4) ekonomi òf

Sèvi ak pasaj ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 17 ak 18.

. . . Lè mwen te pale devan Kongrè a nan dat vennsis fevriye ki sot pase, mwen te panse li ta ase pou nou defann dwa nou kòm yon peyi ki pa pran pozisyon nan lagè, dwa nou pou nou itilize lanmè san entèferans ilegal, epi dwa nou pou nou pwoteje pèp nou kont vyolans ki pa legal. Men netralite ame, kounye a li parèt, yon bagay ki pa posib. Paske lè yo itilize soumaren jan Alman yo te fè l kont bato komèsyal yo, se tankou yo pa respekte okenn lwa; epi li vin enposib pou defann bato yo kont atak sa yo, paske lwa entènasyonal te sipoze bato komèsyal yo ta ka defann tèt yo kont lòt bato ki vizib, tankou pirat oswa kourè k ap kouri dèyè yo sou lanmè a . . .

Sous: President Woodrow Wilson, Joint Address to Congress
(Diskou Prezidan Woodrow Wilson bay Kongrè a), 1917

17 Nan diskou sa a, poukisa Prezidan Woodrow Wilson konkli ke netralite pat yon politik pratik pou Etazini anko?

- (1) Gouvènman alman an te anvayi teritwa Etazini.
- (2) Soumaren Alman yo atake bato ak sitwayen Etazini.
- (3) Alye yo te komèt plizyè zak lagè.
- (4) Almay vyole yon seri trete lapè.

18 Kijan Kongrè a te reponn ak diskou Prezidan Wilson nan ane 1917 la?

- (1) Yo voye negosyatè pou rankontre ak reprezantan yo.
- (2) Yo te vote pou deklare Almay lagè.
- (3) Yo mete yon anbago sou tout machandiz ki te sòti oswa ki t ap ale Almay.
- (4) Yo mande Lig Nasyon yo pou yo sispann itilizasyon lagè soumaren Almay la.

Sèvi ak postè ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou w reponn kesyon 19.

Antre nan mach la...

POU SEKIRITE GRANMOUN

Retounen DEMANN OU FÈ POU JWENN YON NIMEWO SEKIRITE SOSYAL atravè biwo postal la PA PITA PASE 5 DESANM 1936

KIYÈS KI KALIFYE... TOUT MOUN K AP TRAVAY POU SALÉ OSWA LAJAN, EKSEPTÉ KÈK KA ESPESYAL TANKOU AGRIKILT, SEVIS DOMESTIK, AK TRAVAY NAN GOUVÈNMAN. FOMILÈ POU OUVRÈ KONTR SEKIRITE SOSYAL DISPONIB NAN MEN PATWON YO. SI OU PA JWENN YOUN NAN MEN PATWON OU, MANDÈ YOUN NAN BIWO LAPÒS LA.

KJAN POU W RETOUNEN APLIKASYON AN

1. REMÈT LI BAY PATWON OU, OSWA
2. REMÈT LI BAY NENPÒT OGANIZASYON RAVAYÈ OU FÈ PATI LADAN, OSWA
3. REMÈT LI BAY FAKTÈ OU, OSWA
4. DEPOZE L NAN BIWO LAPÒS LOKAL OU, OSWA
5. VOYE L NAN YON ANVLOP SELE ADRESÈ: DIREKTÈ BIWO POSTAL LOKAL LA FÈ LI KOUNYE A PA BEZWEN METE TENB.

ENFÒMASYON OU KA JWENN LI NAN NENPÒT BIWO POSTAL.

— *Konsèy Sekirite Sosyal*

Sous: Social Security Board (Konsèy Sekirite Sosyal), 1936

19 Objektif afich sa a ki date 1936 se te ankouraje Ameriken yo pou

- (1) enskri pou travay nan gouvènman an
- (2) resevwa asirans medikal ki pa chè
- (3) enskri nan yon sistèm nasyonal retrèt
- (4) egzèsè dwa yo pou vote nan eleksyon nasyonal yo

Sèvi ak pasaj ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 20.

. . . Privilèj pou louveri premye jijman nan listwa pou krim kont lapè nan monn nan mete yon gwo responsablite sou zepòl nou. Move zak nou vle kondane epi pini yo te si tèlman fèt ak anpil plan, ak si tèlman mekanste, epi yo te koze tèlman dega; se pousa, sivilizasyon pa ka fèmen je sou yo, paske li pa ka siviv si zak sa yo repete ankò. Lè kat gwo nasyon, nan tout fyète viktwa yo e nan doulè soufrans yo, deside frenen men vanjans epi soumèt lènmi yo te kaptire yo jijman lalwa, se youn nan pi gwo omaj Pouvwè janm rann Larezon. . . .


Sous: Jistis Robert H. Jackson, Opening Statement, Nuremberg Trials (Deklarasyon Ouvèti Pwosè Nuremberg), 21 Novanm 1945

20 Objektif Pwosè Nuremberg yo, jan pasaj sa a fè referans a li, se te pou

- (1) fòse Almay peye reparasyon lagè yo
- (2) pini Almay pou kanpay militè blitzkrieg li te fè atravè Ewòp
- (3) avèti pèp Alman an sou pati Nazi a
- (4) fè lidè Alman yo reponn pou krim kont limanite

Sèvi ak kat ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 21 an.

Ewòp, 1946



Sous: Thomas A. Bailey, *A Diplomatic History of the American People* (Yon Istwa Diplomatik Pèp Ameriken an), Prentice-Hall, 1974 (adapte)

21 Ki repons Etazini te bay pou sitiwayon ki parèt sou kat sa a?

- (1) bay sipò finansye pou nasyon Ewòp de Lwès yo
- (2) aksyon militè imedyat kont Inyon Sovyetik
- (3) yon apèl pou Nasyonzi yo voye fòs nan pati Lès Ewòp
- (4) Retire sipò finansye pou Òganizasyon Trete Atlantik Nò a (OTAN)

Sèvi ak pasaj ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 22.

. . . Mwen gen nan men mwen yon lis 205 non—yon lis non ki te bay Sekretè Deta a kòm manm Pati Kominis, e malgre sa, moun sa yo toujou ap travay epi ap mete politik sou pye nan Depatman Deta a. . . .

Sous: Joseph McCarthy, Address in Wheeling (Diskou nan Wheeling), West Virginia, 9 Fevriye, 1950

. . . Pami nou ki toujou ap pale fò sou sa ki rele Amerikanis, lè n ap kritike karaktè lòt moun, se nou menm tou souvan ki, nan pawòl ak aksyon nou, pa respekte prensip fondamantal Amerikanis la—

Dwa pou kritike.

Dwa pou kenbe kwayans ki pa popilè.

Dwa pou manifeste.

Dwa pou panse pou kont ou. . . .

Sous: Margaret Chase Smith, Declaration of Conscience (Deklarasyon Konsyans), 1 Jen 1950

22 Yon istoryen ta twouve ekstrè sa yo itil pou etidye

- (1) enpak Menas Wouj la sou libète sivil yo
 - (2) opozisyon ak refòm New Deal yo
 - (3) deba sou zafè entènasyonal
 - (4) enkyetid sou chwa manm kabinè prezidansyèl yo
-

Sèvi ak karikati ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 23 ak 24.

**“Tsk Tsk—Gen moun ki ta dwe
fè yon bagay pou sa.”**



Sous: Herblock, *Washington Post*, 3 avril 1956 (adapte)

23 Karikatiris la ap kritike Prezidan Dwight D. Eisenhower paske li pa t

- (1) bay sipò gouvènman pou lojman piblik
- (2) ankouraje egalite pou Afwo-Ameriken yo
- (3) reponn ak dezaz natirèl nan Sid peyi a
- (4) fè respekte mezi sekirite estrik pou pwoteje piblik la

24 An 1957, Prezidan Eisenhower te jere yon kriz dwa sivil nan Little Rock, Arkansas, lè li te voye sòlda pou

- (1) fè respekte desizyon Lakou Siprèm sou mete elèv Nwa ak Blan ansanm nan menm lekòl
- (2) pwoteje mesaj libète sou bis ki vwayaje ant eta yo
- (3) arete lidè Ku Klux Klan yo
- (4) sispann vyolans pandan kanpay enskripsyon elektè yo

Sèvi ak ekstrè ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 25.


. . . Nan kèk mwa ki sot pase yo, gen manm nan gouvènman mwen ak ofisyèl nan Komite pou Reyeleksyon Prezidan an—ki gen ladan kèk nan zanmi mwen ki pi pwòch ak moun mwen te fè konfyans—ki akize kòm moun ki enplike nan sa yo rele Afè Watergate la. Sa gen ladan akizasyon sou aktivite ilegal pandan ak anvan eleksyon prezidansyèl 1972 la, epi akizasyon kont ofisyèl ki te patisipe nan efò pou kache zak ilegal sa yo. . . .

Sous: Prezidan Richard M. Nixon, Address to the Nation (Diskou devan Nasyon an), 30 Avril 1973

25 Ki youn nan rezilta ki te asosye ak zafè Watergate la?

- (1) Lagè Vyetnam nan te kontinye elaji.
 - (2) Komès ak Lachin te elaji rapidman.
 - (3) Sipò pou refòm imigrasyon ogmante.
 - (4) Prezidan Nixon finalman demisyone nan prezidans lan.
-

Sèvi ak karikati ki pi ba a ak konesans ou nan syans sosyal pou w reponn kesyon 26 la.




Sous: Jack Ohman, *The Oregonian*, janvyè 1992

26 Ki deklarasyon ki pi byen sipòte pa lide ki eksprime nan karikati sa a?

- (1) Konstitisyon an divize pouvwa lagè ant pouvwa egzekitif la ak pouvwa lejislatif la.
- (2) Kongrè a refize egzèsè pouvwa lagè li yo.
- (3) Prezidan yo elaji pouvwa lagè egzekitif la.
- (4) Pouvwa jidisyè a souvan kontwole pouvwa lagè pouvwa egzekitif la.

Sèvi ak karikati ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 27 ak 28.



Sous: Dana Summers, Tribune Content Agency, 2015

27 Ki pwoblèm yo reprezante nan karikati sa a?

- (1) Chwa mo yo nan nouvo lwa a te lage Ameriken yo nan konfizyon.
- (2) Lwa Patriot la pa t aplike sou ase moun Ozetazini.
- (3) Lwa Patriot la, pandan l ap kenbe nasyon an an sekirite, ta vyole dwa endividi yo.
- (4) Gen moun ki te enkyete paske Lwa Patriyòt la bay nasyon an ase sekirite.

28 Ki evènman ki te mennen pi dirèkteman nan pasaj Lwa Patriot la?

- (1) Envazyon Irak nan Kuwait
- (2) fen Lagèfwad
- (3) Inyon Sovyetik lanse Sputnik
- (4) atak teworis Ozetazini nan dat 11 septanm 2001

Repons pou Kesyon Redaksyon-Kout yo (29 ak 30) ak kesyon Redaksyon sou Konesans Sivik (37) dwe ekri nan ti liv redaksyon apa a.

Pati 2

KESYON REDAKSYON-KOUT YO (KRK)

Kesyon Redaksyon-Kout sa yo baze sou dokiman yo ki mache avèk yo epi ki konsewva pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Chak seri Kesyon Redaksyon-Kout gen de (2) dokiman. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa yo menm. Tjou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

KRK Seri 1 (Kesyon 29)

Sa pou fè: Li ak analize dokiman sa yo, pandan w ap aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri kontèks istorik ki antoure dokiman sa yo.
- Idantifye epi eksplike **relasyon** ki genyen ant evènman yo ak/oswa lide yo jwenn nan dokiman sa yo (Kòz ak Efè, **oswa** Resanblans/Diferans, **oswa** Pwen Detèminan)

Nan devlope repons redaksyon-kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf, asire w ke ou kenbe eksplikasyon sa yo nan tèt ou:

Dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la.”

Kontèks Istorik refere a “sikonstans istorik enpòtan yo ki antoure oswa konekte evènman yo, lide yo, oswa devlopman yo nan dokiman sa yo.”

Idantifye vle di “bay yon non ak oswa nonmen.”

Esplike vle di “pou senplifye oswa fè li fasil pou moun konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon.”

Kalite Relasyon yo:

Kòz refere ak “yon bagay ki kontribye nan aparasyon yon evènman, aparasyon yon lide, oswa mizanplas yon devlopman.”

Efè refere ak “sa ki pase kòm yon konsekans (rezilta, enpak, aboutisman) yon evènman, yon lide, oswa yon devlopman.”


Resanblans di “fason yon bagay sanble oswa menm nan ak yon lòt bagay.”

Diferans di “fason yon bagay pa sanble oswa pa menm ak yon lòt bagay.”

Pwen Detèminan se “yon gwo evènman, ide, oswa devlopman istorik, ki mennen gwo chanjman siyifikatif. Li kapab lokal, rejyonal, nasyonal, oswa jeneral.”

Enstriksyon KRK Seri 1 (Kesyon 29): Li ak analize dokiman ki swiv yo avan ou ekri redaksyon kout ou nan ti liv redaksyon apa a.

Dokiman 1



Sous: *Historical Statistics of the United States* (Estatistik Istorik Etazini) (adapte)

Dokiman 2

. . . Nou te afronte chak moman difisil nan lavi nasyonal nou an ak dirijan ki sensè e djanm ki te konprann moman an e ak sipò pèp la menm, sa ki esansyèl pou jwenn viktwa. Mwen gen konviksyon ou pral bay lidèchip sa a sipò ankò nan jou difisil sa yo.

Se ak lespri sa, bò kote pa m ak bò kote pa nou, nou ap fè fas ansanm ak difikilte nou yo. . . . Kiltivatè yo pa jwenn mache pou vann rekòt yo; ekonomi plizyè ane nan plizyè milye fanmi disparèt.

Sa ki pi enpòtan, gen anpil sitwayen ki san travay k ap lite pou yo viv, epi gen menm kantite moun k ap travay di san yo pa jwenn ase rekonpans. Se sèlman yon optimis san bon sans ki ka fèmen je sou verite sonb ki genyen kounye a. . . .

Pi gwo travay prensipal nou se pou n bay moun yo travay. Se pa yon pwoblèm nou pa ka rezoud si nou atake l ak sajès ak kouraj. . . .

Finalman, nan pwogrè n ap fè pou travay la reprann nan, nou bezwen de garanti pou nou anpeche ansyen move lòd yo retounen: dwe gen yon sipèvizyon solid sou tout bank, tout kredi ak tout envestisman, pou pawòl san fondman konsènan lajan lòt moun ka sispann; e nou dwe prevwa yon nasyon lajan ki apwopriye e ki solid. . . .

Sous: Prezidan Franklin D. Roosevelt, First Inaugural Address (Premye Diskou Envestiti), 4 Mas 1933 (adapte)

KRK Seri 1 (Kesyon 29)

Sa pou fè: Baze sou lekti ak analiz ou de dokiman sa yo, aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri kontèks istorik ki antoure dokiman sa yo.
- Idantifye epi eksplike **relasyon** ki genyen ant evènman yo ak/oswa lide yo jwenn nan dokiman sa yo (Kòz ak Efè, **oswa** Resanblans/Diferans, **oswa** Pwen Detèminan)

Gid:

Nan redaksyon kout ou a, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte travay la avèk reyalite ak egzanp ki enpòtan

Ou *pa* oblije mete yon entwodiksyon oswa yon konklizyon apa nan redaksyon kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf.

Paj sa a rete vid toutespre.

Seri 2 KRK (Kesyon 30)

Sa pou fè: Li ak analize dokiman sa yo, pandan w ap aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou w ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri kontèks istorik ki antoure Dokiman 1 ak 2
- Analize **Dokiman 1** epi esplike kòman *odiyans*, **oswa objektif**, **oswa patipri**, **oswa pwen de vi** afekte itilizasyon dokiman sa a kòm yon sous fyab pou prèv ki fyab.

Nan devlope repons redaksyon-kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf, asire w ke ou kenbe eksplikasyon sa yo nan tèt ou:

Dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la.”

Kontèks Istorik refere a “sikonstans istorik enpòtan yo ki antoure oswa konekte evènman yo, lide yo, oswa devlopman yo nan dokiman sa yo.”

Analize vle di “egzaminen yon dokiman epi detèmine eleman ak relasyon li yo.”

Esplike vle di “pou senplifye oswa fè li fasil pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon.”

Fyabilite detèmine pa presizyon ak itilite enfòmasyon yo jwenn nan yon sous pou yon objektif espesifik.

Enstriksyon KRK Seri 2 KRK (Kesyon 30): Li ak analize dokiman ki swiv yo avan ou ekri redaksyon kout ou nan ti liv redaksyon apa a.

Dokiman 1

Prezidan Franklin Pierce te nonmen James Guthrie kòm Sekretè Trezò an 1853. Guthrie te responsab pou prezante rapò detaye chak ane bay Kongrè a sou ekonomi peyi a.

. . . Kou yo te rive nan (gwo) Lak yo, yo te pwolonje liy dlo kote bato ka pase a prèske mil mil pi fon andedan kontinan an. Eta Alwès yo te imedyatman kòmanse konstwi pwojè menm jan an pou louvri kominikasyon soti nan pati ki pi lwen nan teritwa yo rive sou gwo liy dlo sa a. Tout travay sa yo te pran direksyon ak karaktè yo nan Kanal Erie a, ki nan fason sa a te vin tounen sòti pou prèske tout zon Lwès la.

Li difisil pou estime enfliyans Kanal sa a sou komès, kwasans, ak pwosperite tout peyi a, paske li enposib pou imajine ki jan bagay yo t ap ye san li.


San travay sa a, Lwès la t ap ofri ti kras ankourajman pou kolon yo, ki t ap manke yon mache pou pwodwi ki pi enpòtan yo e, kòm rezilta, mwayen pou satisfè anpil nan bezwen esansyèl yo. Pati sa a nan peyi a t ap rete prèske vid jiska jodi a; epi, kote kounye a gen kominote rich ki plen moun, nou t ap jwenn yon dezè ki pa t kiltive.

Lès la tou t ap manke eleman kwasans yo. Kanal la te bay rejyon an manje bon mache, li te louvri yon sòti, epi li te kreye yon mache pou pwodwi endistri ak komès li yo. . . .

Sous: James Guthrie, Sekretè Trezò Etazini, "The Impact of the Erie Canal" (Enpak Kanal Erie), 1853

Dokiman 2

Transpò sou Gwo Lak yo



Sous: Inivèsite Michigan, Depatman Jewografi (adapte)

Seri 2 KRK (Kesyon 30)

Sa pou fè: Baze sou lekti ak analiz ou de dokiman sa yo, aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri kontèks istorik ki antoure Dokiman 1 ak 2
- Analize **Dokiman 1** epi espliche kòman *odyans*, **oswa objektif**, **oswa patipri**, **oswa pwen de vi** afekte itilizasyon dokiman sa a kòm yon sous prèv ki fyab.

Gid:

Nan redaksyon kout ou a, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte travay la avèk reyalyte ak egzanp ki enpòtan

Ou *pa* oblije mete yon entwodiksyon oswa yon konklizyon apa nan redaksyon kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf.

Pati 3

REDAKSYON KONESANS SIVIK (Kesyon 31–37)

Kesyon Redaksyon Konesans Sivik sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Kontèks Istorik: Entèdiksyon

Pandan tout istwa Etazini, Ameriken te fè deba sou anpil pwoblèm ki gen rapò ak konstitisyon an ak pwoblèm sivik. Deba sa yo te fè moun yo, gwoup yo, ak gouvènman yo fè demach pou atake pwoblèm sa yo. Efò sa yo te bay siksè nan nivo diferan. Youn nan pwoblèm konstitisyonèl ak sivik sa yo se *Entèdiksyon*.

Sa pou fè: Li ak analize dokiman yo ki nan Pati A. Sèvi ak enfòmasyon ki soti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, pou reponn kesyon ki swiv yo chak dokiman nan Pati A. Repons ou yo pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B a kote y ap mande w

- Dekri sikonstans istorik ki antoure pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Eksplike efò moun yo, gwoup yo, ak/oswa gouvènman yo pou adrese pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Diskite enpak efò yo te genyen sou Etazini ak/oswa sosyete Ameriken an

Nan devlopman repons ou yo pou Pati 3 a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la”
- (b) **eksplike** vle di “pou fè yon bagay vin senp ak fason pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon”
- (c) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Redaksyon sou Konesans sou Responsabilite Sitwayen

Pati A

Kesyon ak Repons Kout (31–36)

Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1

. . . Mouvman Entèdiksyon an te sòti nan kanpay tanperans ki te fèt nan premye mwatye diznevyèm syèk la. Bwè anpil alkòl se te prèske règ pami Pè Fondatè Repiblik la yo. Okòmansman, konsomasyon alkòl pou chak moun te plizyè fwa pi wo pase jan li ye jodi a, epi konsomasyon byè te pratikman pa egziste. Apre lagè 1812 la, yon gwo komès wonm ki soti nan Zantiy yo te devlope nan Eta New England, kote yo te konsome l anpil, sitou nan Maine, sa ki te konplete konsomasyon alkòl fò yo te fabrike nan eta sa yo. An 1827, Maine pou kont li, ak yon popilasyon 360,000, te fabrike 1,333,160 galon likè, epi yo te vann li an detay nan prèske chak magazen ak tavèn. Vin sou nan pi move fòm li, te pote konsekans sosyal tèt chaje, te gaye toupatou. Gen ase prèv sou sa nan kantite moun ki nan prizon ak kay pou pòv yo. . . .

Sous: L. Ames Brown, "Prohibition" (Entèdiksyon), *The North American Review*, novanm 1915


31 Daprè L. Ames Brown, ki **youn** nan sitiyasyon istorik ki gen rapò ak Entèdiksyon? [1]

Score

Entèdiksyon Nasyonal

KAT RATIFIKASYON

Chif yo montre nan ki Lòd chak eta te ratifye Amanman Konstitisyon an sou Entèdiksyon Nasyonal



Kat sa a montre nan dat 31 janvyè 1919, te gen sèlman kat eta ki poko ratifye. Twa nan eta sa yo, Pennsylvania, Connecticut, ak Rhode Island, gen anpil chans pou yo ratifye lwa a byento. Menm New Jersey ka dakò, sa ta fè rezilta a inanim.

DEKLARASYON KOMITE LEJISLATIF NASYONAL LIG ANTI SALOON NAN AMERIK

Ratifikasyon Amanman Entèdiksyon an nan Konstitisyon an se akonplisman plis pase vennsenk ane efò Lig Anti Saloon nan, ki te reprezante fòs moral ak relijye nasyon an. Se pi gwo viktwa pou chanjman moral nan Amerik depi Deklarasyon endepandans lan.

Pa mwens enpòtan pase sa ki deja akonpli, se travay ki esansyèl kounye a pou fòs Entèdiksyon yo: jwenn nan men Kongrè ak eta yo lwa ki apwopriye pou fè respektè amannman an, epi ranfòse opinyon piblik nan gwo vil yo ak nan zòn imid yo pou asire aplikasyon total lwa a.

Avèk Entèdiksyon deja garanti pou nasyon sa a, fòs anti alkòl ameriken yo bezwen double efò yo pou pi gwo misyon an: Entèdiksyon mondyal sou fabrikasyon ak vant tout bwason alkolik.

James Cannon, Jr.,
Wayne B. Wheeler,
Arthur J. Barton,
Ernest H. Cerrington,
Komite Lejislatif

P. A. Baker, Sipèrèntandan Jeneral
E. C. Dinwiddie, Sipèrèntandan Lejislatif

Sous: Anti-Saloon League of America (Lig Anti-Saloon Ameriken), 1919

32 Daprè afich sa a, ki **youn** nan sitiyasyon istorik ki gen rapò ak Entèdiksyon? [1]

Score

Dokiman 3

. . . Pandan twa premye ane li kòm Prezidan nan Mezon Blanch lan, Hoover pa t janm chanje sipò li pou Entèdiksyon. An 1929, li te siyen “Lwa Senk ak Dis (Five and Ten Law)” ki te fè chak vyolasyon sou bwason ki gen alkòl vin yon krim grav, epi Depatman Jistis li te ogmante efò federal pou mete lwa sa yo an aplikasyon. “Nou te ogmante popilasyon prizon yo anpil,” lè nou te mete moun ki te vyole lwa Entèdiksyon yo nan prizon, se sa Hoover te sonje nan memwa li yo. “Nou te multipliyè amann yo, fèmte, epi nou te fè anpil sezi byen.” Men li te atribiye tout aksyon sevè sa yo ak devwa li kòm yon ofisyèl konstitisyonèl, pa ak sipò pèsònèl li. Sou kesyon politik fondamantal sa a, Hoover te refize pataje santiman li, epi li pa t aji sou yo. . . .

Pandan kanpay 1928 la, Hoover te fè lwanj Entèdiksyon kòm “yon gwo eksperyans sosyal ak ekonomik, ki gen bon entansyon epi ki gen objektif ki ale lwen.” Men twa ane apre, san dout tèl la te deja fèt. . .

Nan kòmansman ane 1932, pa t gen anpil dout sou atitid elektora a. Moun ki te reponn yon sondaj nasyonal pa lapòs ke *The Literary Digest* te fè nan mwa fevriye ak mas te sipòte anilasyon Dizwityèm Amannman an ak yon rapò kat pou youn. Rezidan Ohio, kote Entèdiksyon te pran nesans, te voye 112,026 bilten pou anilasyon an epi sèlman 43,284 pou kenbe entèdiksyon sou bwason yo. Kansas se te sèl eta ki te vote an favè Entèdiksyon. . . .

Sous: Charles Rappleye, *Herbert Hoover in the White House*
(Herbert Hoover nan Mezon Blanch), Simon & Schuster, 2016 (adapte)

33 Daprè dokiman sa a, ki **yon** efò ki te fèt pou rezoud pwoblèm anranpò ak Entèdiksyon. [1]

Score

Dokiman 4

. . . Òganizasyon Fanm pou Refòm sou Entèdiksyon Nasyonal la (WONPR) te fonde an 1929 pou montre ke se pa tout fanm ki te sipòte mouvman tanperans lan. Pauline Sabin, yon fanm enpòtan nan sosyete Nouyòk, te pran tèt mouvman an apre li te tande Ella Boole, lidè Women's Christian Temperance Union ki soti Brooklyn, deklare ke sipò li pou Entèdiksyon te reprezante “fanm Amerik yo.” Apre viktwa kanpay pou dwa vote fanm yo an 1920, WONPR epi espesyalman Pauline Sabin te reprezante fanm modèn “nouvo fanm” ane 1920 yo. Anpil manm nan WONPR te, an reyalye, sipòte 18yèm amannman an okòmansman. Men yo te vin kwè ke Entèdiksyon te lakòz yon ogmantasyon nan konsomasyon san kontwòl, espesyalman pami jèn ki poko gen laj pou bwè, epi li te fè moun pèdi konfyans nan respè pou lalwa. Opozisyon WONPR te gen kont Entèdiksyon, menm jan ak 18yèm amannman an, pa t sèlman sou kesyon bwason; li te sou wòl gouvènman an nan kontwole konpòtman moun.

WONPR te fè anpil aktivite nou konsidere jodi a kòm bagay tipik nan kanpay politik: manm yo te ale nan reyinyon epi bay diskou nan rasanbleman, yo te mache pòt-a-pòt pou jwenn nouvo sipòtè, yo te itilize nouvo teknoloji pou gaye mesaj yo—nan epòk sa se te epòk radyo epi yo te fè presyon sou politisyen. Se fanm rich ki te fonde òganizasyon an, epi yo te montre yo te kapab ranmase lajan menm apre Krach Bousye 1929 la, ki te mennen nan Gwo Depresyon an. Depi biwo prensipal li nan vil Nouyòk, òganizasyon an te jwenn vizibilite tou lè li te òganize aktivite piblik tankou yon parad machin atravè Eta Nouyòk.

Sous: Sarah Seidman, “The New York Women Who Dismantled Prohibition” (Fanm Nouyòk Ki te Kraze Entèdiksyon) Mize Vil Nouyòk, 15 desanm 2015

34 Daprè Sarah Seidman, ki te **yon** efò yo te fè pou rezoud pwoblèm Entèdiksyon? [1]

Score

Dokiman 5

. . . Fen epòk Entèdiksyon an te make echèk yon batay moral ki te vize enpoze yon sèl modèl konpòtman sosyal sou tout moun Ozetazini. Entèdiksyon, ki te ireyalis ak san pitye, te pèmèt yon ti minorite ki te fè anpil bri kontwole abitud pèsonel tout Ameriken, sitou moun ki t ap viv ak travay nan vil tankou Nouyòk. Malgre dezi kanpay dry la pou leve nivo ak amelyore Etazini lè yo entèdi alkòl ak saloon yo. Te nan kèk sans konpreyansib nan epòk Pwogresis la ki te mennen mouvman Entèdiksyon an, feblès kanpay dry la te parèt tou swit le eksperyans entèdiksyon an te kòmanse. Entèdiksyon te demode epi li pa t ka mete an aplikasyon, paske eksperyans sa pa t adapte ak divèsite ak mouvman lavi Etazini modèn nan. Depi ane 1920 yo, peyi a te vin twò gwo ak twò varye pou yo te ka dirije li ak yon mouvman ki tèlman jen an tankou kanpay dry la. Malgre fòs lalwa federal, itilizasyon taktik otorite pou mete l an aplikasyon, epi plizyè milyon dola depanse chak ane, pandan katòz ane Entèdiksyon an pa t rive ni chanje konpòtman Ameriken yo, ni elimine pwoblèm abi alkòl yo. Lè Entèdiksyon te echwe, e li te fè sa nan yon fason espektakilè, sa te revele limit mouvman refòm moral yo, e sitou ideyal patènalis, prejije ak ki pa demokratik ki te dèyè kanpay dry la. . . .

Sous: Michael A. Lerner, *Dry Manhattan: Prohibition in New York City* (*Entèdiksyon nan Vil Nouyòk*), Harvard University Press, 2007

35 Dapre Michael A. Lerner, kisa ki te **yon** enpak efò pou rezoud pwoblèm Entèdiksyon? [1]

Score

Dokiman 6

Malgre Prezidan Franklin Roosevelt te sipòte anilasyon Entèdiksyon an, li te vle entèdi fonksyònman saloon, bar, ak tavèn Ozetazini.

New York Times.

EDISYON LATE CITY
WEATHER—Rain and warmer today; tomorrow fair and colder.
Temperatures Yesterday—Max., 41; min., 34.

NEW YORK, MÈKREDI 6 DESANM 1933MP TWO CENTS

YO RATIFYE ENTÈDIKSYON A 5:32 P.M.; ROOSEVELT MANDE NASYON AN POU ENTÈDI SALOON NAN; NOUYÒK SELEBRE AK RETNI TRANKIL.

Bootlger State House entèdi nan Maryland

Special to THE NEW YORK TIMES.
ANNAPOLIS, Md., Dec. 5.—Wet legislators here will patriotically support legal liquor. The State House bootlegger received formal notice today to discontinue his trade. The notice was served by a policeman on duty at the Capitol.

Throughout this session, the bootlegger has conducted a thriving business; a business which, he says, has been especially arduous because of the sudden demands made on him by legislators and their desire for prompt service.

While his services were cut off eight hours before post-prohibition stuff could be bought, the bootlegger thought the legislators had obtained a sufficient reserve to carry them through until evening and legal liquor.

VIL LA SELEBRE NOUVÈL EPÒK LA

Foul moun anvayi estasyon ki gen lisans, men bwason legal yo ra.

SELEBRASYON NAN LARI

Evènman an te fèt San twòp Dezòd, ak Kantite Arestasyon Nòminal.

ANPIL BAANBA TAB FÈMEN

Gwo Zam ap Veye Kamyon ki pote Bwason -- Y ap Voye Machandiz yo Rapid Jodi a

PROKLAMASYON ANILASYON

WASHINGTON, 5 Desanm.—Men tèks pwoklamasyon William Phillips, Sekretè Deta ranplasan, ki sètifye adopsyon Venteyinyèm Amannman an ki revoke entèdiksyon an:

WILLIAM PHILLIPS,
Acting Secretary of State of the United States of America.
To all whom these presents shall come, greeting:
KNOW YE, That the Congress of the United States, at the second session, Seventy-second Congress, begun and held at the city of Washington on Monday, the fifth day of December, in the year one thousand nine hundred and thirty-two, passed a Joint Resolution in the words and figures as follows:

To wit—

JOINT RESOLUTION.
Proposing an amendment to the Constitution of the United States.

Resolved by the Senate and House of Representatives of the United States of America in Congress assembled (two-thirds of each House concurring therein), That the following article is hereby proposed as an amendment to the Constitution of the United States, which shall be valid to all intents and purposes as part of the Constitution when ratified by conventions in three-fourths of the several States:

DÈNYE AKSYON NAN KAPITAL LA

Prezidan pwoklame Nouvo Politik Nasyonal la Pandan Utah Ratifye

PHILLIPS SIYEN DEKRÈ

21yèm Amannman an Kòmanse Aplike Apre Resepsyon Vòt Twa Dènye Eta yo

REKOUVREMAN ENPO YO PRAL FINI

227,000,000\$ pa Ane Disparèt Otomatikman --- Kantite Wiski Kanadyen yo Ogmante.

RATIFIKASYON PA UTAH FEN ENTÈDIKSYON

Sous: New York Times, 6 dedanm, 1933

36 Daprè dokiman sa a, ki te **yon** enpak efò yo te fè pou rezoud pwoblèm Entèdiksyon? [1]

Score

Pati B

Kesyon Redaksyon Konesans Sivik (37)

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèy ki soti nan *omwen kat (4)* dokiman nan kò redaksyon an. Sipòte repons ou avèk reyalite yo, egzanp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik: Entèdiksyon

Pandan tout istwa Etazini, Ameriken te fè deba sou anpil pwoblèm ki gen rapò ak konstitisyon an ak pwoblèm sivik. Deba sa yo te fè moun yo, gwoup yo, ak gouvènman yo fè demach pou atake pwoblèm sa yo. Efò sa yo te bay siksè nan nivo diferan. Youn nan pwoblèm konstitisyonèl ak sivik sa yo se *Entèdiksyon*.

Sa pou fè: Sèvi ak enfòmasyon ki soti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, pou ekri yon redaksyon kote ou

- Dekri sikonstans istorik ki antoure pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Eksplike efò moun yo, gwoup yo, ak/oswa gouvènman yo pou adrese pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Diskite enpak efò yo te genyen sou Etazini ak/oswa sosyete Ameriken an

Gid:

Nan redaksyon w lan, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Esplike *omwen de (2)* efò pou abòde pwoblèm lan
- Mete enfòmasyon ki soti nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

